Eria Nechipiriso Chehupfu

Oo, handi chokwadi here! "Ishe, ndinogamuchira." Kugamuchira chii? Vimbiso yese yaVakaita, ndeyangu.

2 Zvino, tisati tagara pasi, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuitira kuti ndirege kukanganwa kunamatira mahengechepfu aya pano.

3 Ishe wedu, tinoKutendai manheru ano nokuda kwenziyo dzeZioni, nokuda kweEvhangeri yechinyakare inochenesa mwoyo yedu kubva kune zvakaipa, uye, nokuti, vimbiso hurusa dzenyasha dziri muBhaibheri ndedzedu. Nokutenda tinodzigamuchira. Uye tinoziva kuti Mwari havaremekedzi munhu. Uye muchizvarwa chaigara Pauro, vanhu . . . vakawanda kwazvo vairwara. Vakaunza kwaari mahengechepfu, maapuroni, kuti azviise pamuviri wake, uye zvadaro zvozotorwa kubva pamuviri wake kuenda kune vanorwara nevanotambudzwa. Uye Magwaro anotiudza kuti mweya yetsvina yakabuda muvanhu uye zvaivatambudza zvikavasiya nokuda kwokutenda kwavo muna Ishe Jesu. Mwari, Pauro akasoenda potse kwemakore zviuru zviviri, muHupo hweNyu. Chizvarwa ichocho chakapfuura pamwe naye, asi Muri Mwari wezvizvarwa zvose. Zvino vanhu, manheru ano, vakatenda kwaMuri uye tiri kukumikidza kwaMuri, manheru ano, hengechepfu idzi nemapasuru madiki ezvinhu, uye tichitenda nomwoyo wedu wose kuti Muchapindura munamato wedu uye vachaporeswa. Zviitei, Ishe. Tinozvitumira kwavari kuitira mbiri yaMwari, nemuZita raJesu, Mwanakomana waVo. Ameni.

4 Mungagara henyu pasi. Uye avo vaisa izvi kumusoro vanogona kuuya kuzozvitora mushure mekupera uku kweshumiro.

5 Ndiri kufara zvikuru manheru ano. Ndanga ndiri kunze seri kugomo uko nhasi ndichangobva kupedza hurukuro dzandanga ndichifanira kuva nadzo, ndikaendako kunonamata. Uye nguva yese pandinopinda muzuva iri remugwenga zvinondiita sekuti ndide kudzoka zvakanyanya. Asi chinhu chimwe chete chandinofara nacho manheru ano, mudzimai wangu . . . sekuve hedu tanga tiri pamwe chete, uye akaona zviratidzo zvikuru zvaMwari zvichiratidzwa uye zvichiitika. Akanga ari zasi kurwizi zuva riya kuJeffersonville apo Mutumwa waJehovha Akazviratidza kekutanga, zvakanga zvakaiswa muAssociated Press munyika yose. Ave . . . aive 1933. Akanga akamira ipapo, asi akanzwa Inzwi asi haana kuona Chiedza. Uko, kunyangwe vanotora mifananidzo vemapepanhau vakaona Chiedza. Asi akanga achiri mudiki kwazvo panguva iyoyo, uye aine makore angangoita gumi nemaviri, uye haana kumboona Chiedza.

Akanga akatarisa vanhu, vazhinji vakanga vachifenda. Zvino chakangogarapo ingangoita miniti imwe ndokubva chadzokera chakananga kumatenga chaiko zvakare. Zvino vemapepanhau vakaisa chinyorwa chikuru, "Chiedza chisinganzwisisiki chinooneka pamusoro—pamusoro pemushumiri weBaptisti wemunzvimbo imomo paaibhabhatidza." Zvikaenda nzira yose muCanada, zvikava mubepanhau rekuCanada.

6 Zvino anenge makore matatu kana mana apfuura, pandakapedzisira kuva muPhoenix, ndinotenda kuti vaiva Hama Jack Moore vaiva neni, kuti vakaita sekunge... Mudzimai wangu anonyara zvikuru. Zvino saka vakamudaidza kupuratifomu, asingazvitarisire, zvino akaita sokunge achafenda. Zvino akauya mushure mekunge ndatosvika papuratifomu, uye chizoro chaivepo cheshumiro yekunamatira vanorwara. Uye, akati, kekutanga paakanga ari muHupo ihwohwo saizvozvo. Uye, husiku hwamarimwezuro, akaMuona papuratifomu, kekutanga kaakaMuona, paChaive pano chakamira papuratifomu. Zvino pandakasangana naye panze iye...misodzi yaive mumaziso ake, iye ndokuti, "Billy, kekutanga muhupenyu hwangu, ndaChiona." Akati, "Ini...wanga uchinamatira mumwe mudzimai, uye" akati "ndaChiona chichiuya pamberi pake chaipo ndokumira ipapo kwechinguvana, chikatenderera pawanga uri. Uyezve, pawangomira kutaura, Chabva chaenda." Saka ndinofara nazvo, kuti Chauya pamberi pemeso ake. Munoona, mudzimai mudiki iyeye ane zvakawanda zvaanopfuura nemazviri, uye saka ndinofara nekufara nokuda kwazvo.

7 Zvino, mangwana manheru ishumiro yokunamatira vanorwara. Munoziva, tanga tichitaura svondo rino kuti shumiro dzekunamatira vanorwara dzaizouya Chishanu manheru. Zvino, huyai mangwana masikati kana—kana kutanga kwemanheru, dzinenge six o'clock, kuti musazokanganisa imwe shumiro yese. Uye Billy, Leo, Gene nevamwe, vachange vari pano vaine makadhi okunamatirwa, kuti vakupe kadhi rokunamatirwa. Ndipo patinounza vanhu papuratifomu tovanamatira. Iye zvino tave...Ndiri...Ndinofanira kuita misangano yemuAmerica nenzira yakadzidziswa vanhu, yekuturikwa kwemaoko. Zvino, ndiro—ndiro Gwaro, asi itsika yechiJudha. Izvozvo hazvisi zveMarudzi, asi Marudzi vakazvitora. Murudzi aiti, "Handina kukodzera kuti Muuye mumba yangu, ingotaurai Shoko uye muranda wangu achararama." Ndizvozvo. Asi muJudha, "Huyai muise maoko eNyu pamwanasikana wangu uye achararama." Munoona, ndiyo yaive tsika yavo, yakanga isiri yeMarudzi.

8 Husiku nohusiku, awa neawa, nemumasikati nohusiku, Mweya Mutsvene unouya, uchizarura, uchipfuura nemuchivakwa, uchitaura zvakavanzika zvemoyo. Munozviona nguva dzese. Ndezvekukuzivisai kuti Hupo hwaShe huri pano. Zvino, kana maingoZvigamuchira, munozoporeswa pakare

ipapo. Nokuti kuporeswa kwese kwauchaitirwa, kwakatopera, kwavepo kwemakore chiuru nemazana mapfumbamwe. Ruponeso rwese rwauchazogamuchira, rwakabhadharwa kare, nderwako kuti ungorwugamuchira. Pave nemakore chiuru nemazana nemapfumbamwe, kana kudarika, kubva pazvakave ruponeso kwauri. Asi zvino munondicherechedza pamisangano, ndinoti, "Zvichaita kuti utende here?" Munoona, zviratidzo nezvishamiso hazvisi zvekuporesa kana zveruponeso, asi ndezvekuita kuti vanhu vacherechedze nekunzwisisa kuti Hupo hwaMwari huri pano. Zvino iYe . . . kana iYe . . . Kuti zvingazova sei, zvakanyanya kuva zviri chishamiso. Tiri kutongotanga zvino kuona zvishamiso.

9 Zvino kana zvasvika kumunhu, pave nevakati wandei vavo vakasimuka kubva pamasitirecha nemahwiricheya nezvimwe, uye vobuda. Ichocho hachisi chishamiso chaicho. Kwete. Munoona, kunyangwe Christian Science inazvo izvozvo. Chinogona kuva chinhano che—che—chepfungwa chaunogona kuve uri . . . woshandura mafungiro ako. Zvino, hatitendi kuti kwaiva kudaro, nokuti ndinotenda kuti kwaiva kutenda. Asi zvakadaro . . .

10 Ndakanga ndiri kuLa Salle, Lorraine, France. Ndaive kuParis. Zvino ndakaenda zasi kunzvimbo yavakanga vaine mudzimai akafa akanga arere imomo, aive akavigwa. Zvino vakakwiza dombo ipapo, vanhu vaipindamo nevakaremara, madondoro, ndokuaisa pasi ndokufamba vachienda, kubva pakukwiza dombo iroro pamusoro pemukadzi iyeye akafa. Munoona, akafa, uye haachakwanisa kureverera sezviri . . . Pane murevereri mumwe chete pakati paMwari nemunhu, zvino ndiKristu Jesu. Ndichibva mumhuri yechiKatorike, ndi—ndinoziva kuti vanotenda mu—mune vanhu vanofa, kuti iyo mweya yavo iri kuvareverera; yakasiyana-siyana, imwe yezvematongerwo enyika uye imwe yezvimwewo zvinhu. Kwandiri, ndezvemidzimu. Handisi kurwadzisa manzwiro enyu, ndinovimba, asi ndinofanira kutendeseka. Munoona, chero chipi chinodeketera kuvakafa ndechemudzimu.

Vakandibvunza izvozvo kuMexico, uye vakati, "Ko Jesu?"

11 Ndakati, "Haana kufa. Akamuka zvakare, Anorarama nokusingaperi." Maona? Haana kufa, Mupenyu. Vamwe vose vakapfuura, izvo, Gwaro rinotaura kuti "Avo vari ikoko havakwanisi kuuya kuno, uye ava vari kuno havakwanisi kuenda ikoko." Hapana munhu akamboyambuka kana achazomboyambuka. Saka zvatopedza nyaya yacho kana . . . Jesu akataura kudaro.

12 Asi tinowana zvinhu izvi zvichishanda. Saka zvino uye usiku hwega-hwega Mweya Mutsvene uri kuedza kuunza kwamuri Hupo hwaVo paUzima pano, kwete hupo mumwe hwemunhu. Munhu anogona kuzvininipisa chete, nechipo

chaanogona kuzviisa pasi mune chimwe chiyero cheMweya chinogona kuzarura Mwari kwauri. Asi hachimboshanda kusvikira iwe pachako wachitenda uye wachigamuchira, zvino chinobva chashanda. Munoona, kana maigara ipapo uye mumwe nomumwe wenyu—mumwe nemumwe wenyu asingatendi, asingatendi Shoko raCho, hachaimboshanda.

13 Jesu, paAkaenda kune vekwaKe chaivo, nyika yekwaKe, haAna kugona kuita mabasa makuru mazhinji nokuda kwokusatenda kwavo. Uye kana Akatadza kuzviita kareko, haAkwanise kuzviita zvino, nokuda kwokusatenda. Munoona, kutenda kwenyu.

14 Saka zvinotorera iwe neni, pamwe chete neMweya Mutsvene, kuunza zvinhu izvi kuti zviitike; kundiita kuti ndifare, kukuitai kuti mufare, nokuti Mwari vari pano vanochengeta Shoko raVo.

15 Asi kana Mweya Mutsvene wakwanisa kuuya mumusangano, uchinyatsozadzisa chaizvo kusvika paGwaro rezvaWakataura zvaizoitika mumazuva ekupedzisira, woenda nepamusoro peungano sezvaAkaita paAive pano, uye uchinzvera zvakavanzika chaizvo zvemoyo, uye nemifungo nevavariro dzemoyo nepfungwa, ko mumwe munhu angapokana sei? Munoona, hecho chishamiso chakakwana, chakanyanya kuva chishamiso kudarika chirema chinofamba, nekuti hazvigoneke kuti izvozvo zviitike pasina simba remweya. Rinofanira kunge riri simba remweya rinoita izvozvo. Saka, uye zvakare unozviona zviri chaizvo zvakavimbiswa neBhaibheri nezvavanote-. . . zvatinotenda. Chishamiso chinodarika kudanidzira. Munoona, chinotori chishamiso chinodarika kutaura nendimi. Pauro akataura kudaro. Kunyangwe zvipo zvechokwadi zveMweya Mutsvene zvekutaura nendimi, zvinotori chishamiso chinodarika izvozvo. Tiri pachishamiso chekupedzisira. Chakafanotaurwa saizvozvo neBhaibheri.

16 Saka, manheru ano, haufanirwe kumirira kusvika mangwana manheru kuti uuye nemumutsara kuti ugoturikwa maoko. Zvino, kuisa maoko pamusoro pako hakuna zvakungaite zvingadarike kunzvera mifungo yemoyo; kwete zvakadaro, kwandiri. Zvino unogona kungozvigamuchira, wobatirira pazviri, ndezvako. Uye wozvitenda nemwoyo wako wose.

17 Asi mangwana manheru, kana iwe. . . Rugwaro rwunoti, "Endai pasi rose, muparidze evhangeri kuzvisikwa zvose; zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda." Zviratidzo zvose; uye zvakare, pakupedzisira, Akati, "Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora." Ichokwadi. "Avo vano. . ." Izvo. . . Ndizvo zvichatevera vatendi. Zvakanaka. Zvino, isu—isu tiri vatendi, saka, nenzira iyoyo, tinova nehusiku hwega-hwega hwekuisa maoko pamusoro pevanorwara, uye Mwari vakaita zvishamiso zvikuru navo. Takava nezvishamiso zvikuru nekunamatira mahengechefu. Takava nezvishamiso zvikuru

nekunzvera mifungo yemoyo. Munoona, zvose pamwe chete, zvinoshanda kuti Mwari vakudzwe. Hazvisi zvemunhu, hazvisi zvechechi, ndezvekubwinya kwaMwari. Kubwinya kwaMwari!

18 Zvino, tisati tavhura Shoko zvino remanheru ano... Oo, tinogona kuvhura mapeji se*izvi,* asi Mwari vanofanira kuRivhura; nekuti Rugwaro haruna dudziro yepakavanda, asi Mweya Mutsvene wakanyora Gwaro ndiwo Mududziri waro. Saka ngatikotamisei misoro yedu zvino tichinamata. Uye vangani vangada kurangarirwa mumunamato, ungangoita kuti zvizivikanwe nemaoko ako akasimudzwa here, chero zvazvingava? O Mwari, tarirai. Tose tine zvatinoshaiwa, hatidaro here? Ndine chishuwo, zvakare, shamwari. Ndakasimudza maoko angu mudenga.

19 Baba veKudenga, takazvininipisa uye murunyararo nekuremekedza tinouya muHupo hweNyu hukuru, tichiziva, chinhu chimwe ichocho chisati chaitika, Muri pano nokuti Makavimbisa kuti muchava pano. Makati, musati Maenda, "Pose panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, ipapo ndichange ndiri pakati pavo. Uye kana vakatenderana pamusoro pechero chinhu chimwe zvacho, maererano nechinhu chimwe, vakakumbira, vachagamuchira." Ishe, kuunza vimbiso yeNyu kune ava, vakatengwa neRopa reNyu, ndinokumbira kuti murume wese, mukadzi, kana mwana, vasimudza maoko avo manheru ano, Munoziva mwoyo yavo, dai vakagamuchira zvavari kukumbira. Zviitei, Ishe.

20 Tiri vanhu vane zvavanoshaiwa. Tiri kufamba munyika ine rima, ine muvengi weNyu mukuru, uyo, wataisakwanisa kurwisana naye zvachose dai pasina Mweya weNyu Mutsvene. Naizvozvo tiri kuvimba, tichitenda, uye tichizviita mukutenda, kuti Achaenda mberi kwedu wojekesa nzira. Mune hwinza dzakawanda munzira, dzakagadzirirwa tsoka dzedu dzakaneta, asi tiri kuedza kutevera matsimba etsoka ane Ropa aiYe akakunda rufu, gehena, neguva.

21 Titungamirireiwo, manheru ano, neMweya weNyu Mutsvene, Ishe, kuMashoko anofanira kutaurwa, mobva matungamirira Mashoko kumoyo unoAshuvira. Zvino, Ishe, dai pakupera kwemusangano, uye tave kuenda kudzimba dzedu dzakasiyana-siyana, dai takwanisa kutaura zvakare, sevaya vakabva kuEmausi, "Moyo yedu haina kutsva here matiri paAnga achitaura nesu munzira?" Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu, uye nokuda kwaKe. Ameni.

22 Kunemi muri kuchengeta Magwaro, vhurai neni zvino kuBhuku Rekutanga reMadzimambo. Ndinoda kuverenga chikamu kubva mundima 17...chitsauko 17, waro, uye ndichatangira pandima 14. Verengai ndima 14, 15 ne 16 dzechitsauko 17 cheRekutanga reMadzimambo:

Nokuti zvanzi naJEHOVHA Mwari waIsraeri, Upfu huri mudende haungaperi, kana *namafuta ari muchinu* haangaperi, *kusvikira pazuva. . .JEHOVHA raachanaisa mvura panyika.*

Zvino *akaenda akandoita sezvakataura Eria:* zvino *iye mukadzi, naiye, neimba yake, vakadya mazuva mazhinji.*

Uye *upfu hwakanga huri mudende hauna kupera,* kana *namafuta akanga ari muchinu haana* kupera, maererano neshoko ra*JEHOVHA,* raakataura kubudikidza na*Eria.*

23 Anofanira kunge aive mambakwedza paakamutswa. Akatendeudza musoro wake wakaneta papiro paakanzwa kakuchema, kane kuungudza kudiki kune rimwe divi rekamuri. Uye akanga asina kukwanisa kurara husiku hwose, akanga achingoshanyarika nokuda kwedambudziko guru iri. Kakomana kadiki kainge kamuka zvakare, kasina kukotsira zvingadarika maminitsi makumi maviri kana makumi matatu, uye ndinonzwa inzwi rake diki richiti, "Amai, hamungaendawo here munotarisa mumupanda wekuchengetera chikafu zvakare muone kana musingorina chimedu chidiki chimwe chete chechingwa? Ndine nzara chaizvo! Handisi kutongogona kurara."

24 Uye pavakatarisa kumeso kwake kudiki ne. . .matama ake madiki adzoka mukati, uye nemaziso ake madiki achishanduka kuita yero, vhudzi rake refu rakarembera nekuda kwekusagerwa, kashati kake kadiki kekurarisa kakabvaruka; misodzi mikuru kubva mumaziso mavo yakadonhera kumeso kwake kudiki, vachimupuruzira padama ndokuti, "Mudiwa, edza kurara, uye unzwisise."

25 Kwakanga kwapera makore matatu kusina kunaya mvura panyika. Vakapfugama pasi, ndiri kuvaona vachichema kuna Mwari, vakati, "O Ishe Mwari, Jehovha, ndiMi Mwari wamadzibaba edu, Vakapa chokudya vana veNyu nekuvachengeta kwemakore. Uye ndakaedza kurarama zvakatendeseka uye zvakarurama kwaMuri, uye zvino ndiri pano ndichiona mwanakomana wangu muduku achichemera chimwe chinhu chokudya, uye pasina chokumupa. Kwemavhiki akawanda zvino tanga tichizvinyima kusvika pekuti tinodya kamwe chete mumazuva matatu kana mana oga-oga, uye zvino zvese zvapera kunze kwehupfu hushoma-shoma nechipunu chemafuta chete. Uye ndiri kuedza kuzvimisa kusvika kwaedza, kuti tisazofa huchiri husiku. Ndakaiteiko, O Mwari? Ini, murandakadzi wenyu, ndakararama zvakatendeka. Murume wangu akafira muhondo, hondo yaShe, zvino ndange ndiri chirikadzi kwemakore akati wandei zvino, uye ndakaedza kurarama zvakarurama nekuchengeta Mirairo yeNyu. Zvino kana iri nguva yangu yekuenda, handina basa nazvo; asi

kakomana kangu kadiki, zvinongobvarura mwoyo wangu kuita zvidimbu-zvidimbu kumunzwa achikumbira chinhu chokudya, pasina chekumupa."

26 Paakapedza kunamata, akasimuka. Mukomana aive adzokera kunorara zvekare kwenguva shoma. Zvino akanga akasimudza maoko ake, uye hanzu yokurarisa yakabvaruka yaakanga akapfeka yakanga yotopera. Anoenda kuhwindo ndokutarisa panze, uye kunze kwave kuda kutoedza. Oo, kwaipisa zvikuru!

27 Mhepo dzinopisa dzokutongwa dzakanga dzichivhuvhuta panyika yakanga yakanganwa Mwari. Izvi zvakaitika panguva yaitonga Ahabhu, mambo weIsraeri aiva nehutsinye uye akaipa zvakanyanyisa. Uye akanga aroora mutadzi, Jezebheri, uyo aiva munamati wezvifananidzo. Zvino muchato wemasanganiswa akadaro haumbobudirire, hazvitongogone kudaro, pamwe mukadzi ndiye anozouya kunzira yomurume kana kuti murume ndiye anozoenda kunzira yomukadzi. Uye aive mudzimai mudiki anoyevedza zvikuru, zvino Ahabhu, aingove mutendi anodziya, akabvumira kupfungwa dzake ndokuti, "Oo, manje, chinamato hachinei nechekuita neni, ndiri mambo." Uye nechekare vainge vatoputsa maartari aMwari ndokuvaka maartari aBhaarimu, kana kuti Bhaari, waro. Uye kaitiro kacho kakange katonyanya kurwisa chinamato chechokwadi kusvikira vashumiri vaive pasi pekumanikidzwa kwacho vakabvumirana nazvo.

28 Imwe nguva yapfuura ndakapa chitaurwa pamusoro pevashumiri, kana chimwe chinhuwo muzuva rino, zvino rimwe boka rakasangana neni rikati, "Hama Branham, ungano dzedu dzinongotimanikidzira!" Ndizvo zvinozvikonzeresa, ungano inobuda kana mushumiri akasavafadza.

29 Uye kwenguva yakareba vashumiri vakawira pasi pesimba ramambo nokuti chivi chaibvumirwa, pakanga pasina miganhu. Mufananidzo wakanaka kwazvo wanhasi nekuti, nyika yakanga yatsigira zvinhu izvi, vanhu vaida kuve nemukurumbira. Vakafunga kuti, "Chero bedzi nyika yaitaura kudaro, zvakanga zvakanaka." Ndiwo matauriro avanoita nhasi, "Chero bedzi nyika ichiti zvakanaka kutengesa doro, saka zvakanaka kurinwa. Kana nyika ikabvumira vakadzi vedu kupfeka zvisina kukwana mumugwagwa, uye mutemo haungazovasunge, handiti, zvakanaka kuzviita." Zvingave zvakanaka kunyika, asi mumabhuku makuru aMwari une mungava uye uchafanira kupindurira pamberi paMwari. Asi vakanga vawa, vakatozobvumirana nazvo pasi pekumanikidzwa.

30 Zvino nyika yaibudirira, uye vakafunga kuti kubudirira kwaiva chiratidzo chokuti Mwari vaiva navo. Ichocho hachisi chokwadi zvachose. Mwari vanouya kwauri . . .

31 Pane tsumo yekare, tsumo inozvidza Mwari, inotaura kuti "Mwari vanobatsira avo vanozvibatsira." Inozvidza Mwari! Mwari vanobatsira avo vasingagoni kuzvibatsira. NdiMwari weavo vanoda ngoni. Uye NdiMwari vane tsitsi. Uye tsumo iyoyo inotaura kuti "Vanobatsira avo vanozvibatsira," kana uchikwanisa kuzvibatsira, haudi rubatsiro rwaVo. Asi Vanobatsira avo vasingagoni kuzvibatsira.

32 Asi nyika yakanga yafunga, chero bedzi vakanga vachidya zvakanaka uye vakapfeka zvakanaka, kuti zvinhu zvose zvaizova zvakanaka.

33 Asi pane mumwe akanga achiri wechinyakare, aitenda kuti kuna Mwari vakanga vari vechinyakare, aitenda kuti kuna Mwari vanochengeta Shoko raVo, aitenda kuti Mwari vaAbrahama, Isaka naJakobho, vakanga vari vatsvene uye vaida kuzvipira kuzere kuhutsvene hwaVo. Asi Jezebheri neboka rake rechizvino-zvino vaimuvenga. Akanga ari mufundisi wavo, asi havana kuzvitenda. Saka, akatozohwanda nehupenyu hwake.

34 Zvino Mwari vakanga vamutuma kumusoro mugomo, uye vakati . . . vakamupa shoko, ndokuti, "Buruka undoudza mambo uya wakare ane utsinye, 'ZVANZI NAJEHOVHA.' Hakusi kuzonaya, kunyangwe kana nedova richadonha, kusvikira wazvidaidza." Vakazvipa mumuromo waErisha kudana mvura inonaya payainge yava nguva yacho; asi aive nemakii ekudenga, aikwanisa kurivhara kana kurivhura. Zvino Vakati, "Ndinoda kuti ukwireko uchibva murenje . . . reizvi . . . kupinda murenje, waro, kubva munyonganyonga iyi. Buda kubva pakati pavo. Wakavaparidzira uye havana kuteerera, uye vari kuramba vachiwedzera kuipa. Kwira kurenje, uye ikoko gara pasi parukova, Keriti, uye ndicha . . . ndatorayira makunguwo kuti akuchengete." Oo, kana vanhu vakasadaro, Mwari vane makunguwo anogona kuzviita!

35 Johane akati, "Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahama vana."

36 Jesu akati, "Kana vakanyarara, pakarepo matombo anobva adanidzira."

37 Mwari vanogona kuita zvaVanoda. Vakati, "Ndarayira makunguwo, uye achakupa zvokudya." Zvino akamuvigira nyama nechingwa.

38 Mumwe munhu akati imwe nguva, "Akazviwanepi, Hama Branham?"

39 Ndikati, "Handizive. Chinhu choga chandinoziva, akauya nazvo. Akazviwana kubva panzvimbo imwe chete iyo Jesu akaita paAkatora hove shanu uye ne . . . kana mabhisikiti mashanu nehove mbiri, uye akapa chokudya kuzviuru zvishanu. Zvakabva muruoko rumwe cheterwo rwunosika rwaMwari Samasimba." Akamuvigira hove nechingwa, makunguwo, akagara pasi

ndokuzvipa kuna Erisha, zvino iye ndokuzvidya, ndokukotama ndokunwa kubva muchitubu. Mwari vakanga vachizorodza muprofita waVo.

40 Oo, ndinofara kwazvo kuti Mwari vane nzira yekupukunyuka nayo! Uye pavakafunga kuti anopenga, "Muporofita uya wekare, mutana anouraya mafaro," nguva dzose anoedza kubvisa mufaro mumapati avo maduku ekufara avakanga vachiita, achivaudza kuti chakanga chiri chivi. Uye Mwari...iye achitevera kutuma kwaMwari, akakwira mumakomo akandogara pasi panzvimbo yakakwirira, nzvimbo yakaomesesa munyika. Asi Mwari vakaita kuti rukova rwurambe rwuchiyerera. Zvino vakanga vari zasi uko vachitsenga rurimi rwavo vachida mvura.

41 Munoziva, Mwari vane nzira yokupindura nayo munamato. Mudzimai muduku uyu akanga ararama akatendeka. Ainge asina kuzoroorwa zvakare, aigara asina kuroorwa kuti agosangana nemurume wake mukubwinya. Aive mudzimai anoremekedzeka. Zvino kwemavhiki dende rainge richienda richidzika, richidzika, zvino naiye achiramba achinyengetera, uye zvikaramba zvichiita sekuti paive pasina tariro inooneka chero kupi zvako.

42 Munoziva, ipapo tinogona kuwana chidzidzo kubva pazviri. Kuti, kana wanamata ukazadzisa zvese zvinodiwa izvo Mwari vanoda kuti uite, uye iVo vonge vachiri vakanyarara, haVana chavanotaura, uye zvakadaro wazadzisa zvinodiwa, zvino, chii chinozoitika ipapo? Kana uchiziva kuti wazadzisa zvaVanoda uye waita zvose zvaunoziva kuita, ipapo kutenda hakuzununguki, kunongogara kwakadzikama uye kwofunga zvakanaka. Kutenda kunotora kubata kwako kwakasimba kusingaperi paDombo reMazera, uye hakufambi.

43 Muchinda mukuru iyeye anonzi "kutenda"! Ndagara ndichiti, "Kutenda kune mvere pachipfuva." Pakunotaura, zvimwe zvese zvinonyarara. Kana kutenda kwati, "Nyarara!" zvino zvinhu zvose zvinomira, nokuti ndiye changamire.

44 Zvino akanga azadzisa zvose zvaidiwa. Akanga ararama zvakachena, akanga ararama zvakadzikama, akanga ararama zvinoremekedzeka, uye akanga azadzisa zvose zvinodiwa naMwari. Asi, zvakaita sokunge Vainge vakanyarara. Mwari vanozviita izvozvo imwe nguva kuti vakuyedze, kuti vaone kuti unozova nemhando yemadairiro akaita sei. Usazvikanganwa izvozvo!

45 Kana ukapfuura napapuratifomu, wonamatirwa, uye maoko oiswa pauri, uye zvoita sekunge hapana chaitika, izvozvo hazvimise kutenda napaduku zvapo, wazadzisa zvinodiwa naMwari. Zvino, kana wazviita! Zvino, kana uri kudududza pana Mwari, unoziva kuti mwoyo wako unokupomera... Uye tinoziva, "Kana mwoyo yedu isingatipomeri, ipapo

tinazvo." Zvino, asi kana mwoyo yedu ichitipa mhosva, hapana chikonzero chekuuya nepapuratifomu, hapana chikonzero chekukumbira Mwari chero chinhu, nekuti hauna kutenda kwekuchigamuchira. Asi kana wazadzisa zvose izvo zvinodiwa naMwari, zvino kutenda kunobuda kunze uko, zvino kwoti, "Mwari ndiMwari! Ndazadzisa zvinodiwa."

46 Rugwaro rwunoti, "Vanomirira pana Jehovha vachavandudza simba ravo, vachabhururuka namapapiro sechapungu, vachamhanya uye vasinganeti, vachafamba uye vasingaziyi." Serwiyo rwunoti, "Ndidzidzisei, Ishe! Oo, ndidzidzisei, Ishe, kumirira." Itai kuti mweya wangu ugezwe muRopa reKarivhari, kuzadzisa zvese zvinodiwa, kupisa mazambuko ese akapoteredza, uye woti, "Zvino, Ishe, hapana chandinounza mumaoko angu, ndinongobatirira bedzi paMuchinjikwa weNyu. Makazvivimbisa, Ishe." Ndiyo mhando yechinhano, chikonzero sei vanhu vachifunga kuti ndiri munhu anoda kumira ari ega. Asi mukamuri, kana kuti uko kune rimwe divi rerenje, ndicho chinhano chaunofanira kupinda machiri usati wafamba uchipinda mupurupiti iyi pano. Nekuti, Satani anogara achidonhedzera madhimoni madiki kuedza kuvhiringidza chimwe chinhu. Uye unofanira kunge wakanyatsobatirira paMuchinjikwa, usingavimbi nekugona kwako pachako, pfungwa dzako pachako, wakangozembera paRuoko rwusingaperi. Usingazviti wakangwara, usina pfungwa dzaunoti ndedzako pachako, uri kungozvizarura uye uchirega Mweya Mutsvene uchitaura. Ndicho chinhano icho Mwari vanoda kuti Chechi yaVo ive machiri. Pinda muchinhano ichocho.

47 Mwari vanokuyedza. Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kutanga ayedzwa, arangwa, kuti vaone kana achikwanisa kumira pakurangwa. Kana tikafamba tichiuya toti, "Ndinotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, kuti Akafira zvivi zvangu uye akamukazve nezuva retatu. Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwangu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwangu. Kurohwa kwakandiunzira rugare kwakanga kuri pamusoro paKe, uye namavanga aKe ndakaporeswa." Kana ukataura kudaro, nekureurura . . . zvivi zvako zvose nekusarurama kwako, uye nekugona kwako nezvose zvaunazvo, wozviisa paartari. Zvino, ipapo, usina chinhu muruoko rwako, Satani achakupfura nemuseve wose waanokwanisa. Asi kana ukatsauka kubva ipapo uye woti, "Manje, pamwe handina kuponeswa, pamwe handina kuporeswa," zvino wobva pane Izvozvo, Bhaibheri rakati muri "vana voupombwe, kwete vana vaMwari."

48 Mwari vanoedza mwanakomana wese waAbrahama sezvaVakaita Abrahama, nokuti tiri mbeu yaAbrahama. Nokuva takafa muna Kristu, tiri mbeu yaAbrahama uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso. Mbeu yaAbrahama,

ndiwo mweya waiva naAbrahama. Akanga aine vimbiso yaakapiwa. Uye kana baba vedu vakavimba naMwari uye vakatora vimbiso, chinhu chisingagoneki, ndokubatirira pachiri kwemakore makumi maviri nemashanu chisati chamboratidzwa, vachiwedzera kusimba nguva dzose, mbeu yavo sezvaive zvakangoita baba. Hazvina mhosva kuti chii chinoitika, kana tanamatirwa, zvatoringana! Kana isu tabvisa zvese munzira, tazadzisa zvinodiwa zvese, tabvisa zvese munzira, zvino chikumbira Mwari, uye womira ipapo uchiziva kuti uchazvigamuchira.

49 Mwari vakayedza Jobho saizvozvo. Jobho paakakumbira kunzwirwa ngoni, akabayira vana vake chibayiro, chinhu chimwe chete chaiva nemuporofita iyeye chaiva chipiriso chinopiswa. Asi ndizvo zvoga zvaidiwa naMwari.

50 Mwari havadi dzidzo uye nezvisina maturo zvakawanda, Vanoda moyo wakazvipira mukuda kwaVo. Havakukumbiri kuti upfeke neimwe nzira, kana—kana kuenda kune zvimwe zvinhu kana mamwe makoreji, kana madhigirii. Vanokumbira mweya wakazvininipisa, munyoro, wakaputsika, nemwoyo unoda kuVagamuchira.

51 Vakayedza Jobho, uye kuti vaone kuti imhandoi yemadairiro aVaizowana maari. Asi paVakatora makwai ake ndokutora nzombe yake, ndokutora ngamera dzake, ndokutora vana vake, "Ndichaona zvinotaurwa naJobho zvino."

52 Zvino iye akati, "Ishe vakapa uye Ishe vatora, Zita raShe ngarirumbidzwe."

53 Vakawana zvaVakanga vaudza Satani izvo zvaVaiva nazvo muna Jobho, "Hapana mumwe akafanana naye, panyika."

54 Ipapo mabhanan'ana akatanga kutinhira, mheni ikatanga kupenya. Mweya wakauya pamusoro pemuporofita, zvino akadanidzira, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, zvino pamazuva ekuguma Achamira panyika. Kunyange honye dzemunyama yangu dzikaparadza mutumbi uyu, kunyange zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari; Wandichazvionera pachangu, meso angu achamuona, uye kwete mumwe."

55 Vakayedza vana vechiHebheru kuti vaone mhando yemadairiro avaizoita. Vakanga vapupura pakati pevahedheni kuti "Kwaiva naMwari mupenyu, kwaiva naJehovha Mwari, uye kuti Vaiva Mwari veKudenga uye naMwari wepanyika, uye Vakanga vakabata mweya wose muruoko rwaVo." Saka Mwari vakavatendera kuti vayedzwe. Uye vakanga vazadzisa zvose zvaidiwa, vakanga vanamata uye vabvisa zvinhu zvose munzira. Uye vakaramba kupfugamira chifananidzo chamambo. Zvino akaita kuti vira ripise zvakapetwa kanomwe kupfuura zvaraive ramboitwa. Uye pasina kupokana kuti Satani aiedza kuvaudza kuti, "Uku ndiko kuguma kwenzira." Ndinofarira matauriro

avakaita, "Mwari vedu vanogona kutidzikinura kubva muvira romoto, asi, zvisinei hazvo, kana Vakasadaro, hatisi kuzotyora Mirairo yaMwari. Tichagara takatendeka! Regai kutenda kwedu kudanidzire nemumakore anotevera, kuti, takaramba takatendeka kuvimbiso yaMwari."

56 "Mwari vangu vanokwanisa kundiporesa kubva pane *izvi*." Kana kuti, "Mwari vangu vanokwanisa kundibvisa pawiricheya iyi. Mwari vangu vanokwanisa kuita *izvi*. Asi ndakaVagamuchira seMupodzi wangu. Ndakareurura zvivi zvangu (kusatenda kwangu) uye ndikapupura kuti ndinotenda kuti ndiVo Mupodzi wangu. Chero zvingauya, kana zvinoenda. Kana ndikasapora nhasi, ndichava mangwana; kana ndisina mangwana, ndichava gore rinouya. Ishe vakapa uye Ishe vatora, Zita raJehovha ngarirumbidzwe!"

57 Oo, hezvoka zvazvaive! Zvino vakati vapinda muvira remoto, pasi pekuyedzwa, pasi pekuyedzwa, vakaramba vakabatirira zvakatendeka kusvika kumagumo. Asi Mwari vakanga vavepo pakare ipapo, uye Vakavadzikinura. Vaiziva kuti vakanga vanamata zvakakwana, zvivi zvavo zvakareururwa. Vaiziva kuti vakanga vazadzisa zvose zvaidiwa, asi zvakadaro Vaiita sevakanyarara. Vakanyarara chete kuti vakuyedze, kuti vaone chaizvo zvauri, kuti zvii zviri mukati mako, kuona kana uchinyatsorevesa kubva pamoyo wako zvauri kutaura nemiromo yako. Ngazviende pakadzika. Tinogona kutaura nemiromo yedu, asi mwoyo wedu uri kuzvitaura here?

58 Zvino, mudzimai mudiki uyu paakaziva kuti akanga azadzisa zvose izvi zvaidiwa, asi zvakadaro Mwari vakanga vakanyarara. Zvaiita sokunge Vainge vasina kana hanyn'a naye, Vakanga vasina hanyn'a kuti airarama here kana kuti afa. Asi, nguva dzose, Mwari vakanga vachishanda. Akanga asingazivi nezvazvo, asi Mwari vakaudza Eria. Vakaomesa rukova, vakatambanudza ruoko rwaVo ndokumisa rukova kuti rwusaerera. Zvino Eria akati, "Ishe, sei rwamira?"

59 Vakati, "Ndaraira chirikadzi kuti ikupe zvokudya." Vakanga vatomuraira kare, mudzimai akanga asingazvizivi.

60 Vanogona kunge vakaraira kwauri chapupu chekuporeswa kwako; unogona kusazviziva, asi ingoramba wakamirira. Paunenge uine chokwadi chekuti wazadzisa zvese zvinodiwa, paunoziva kuti waita zvose zvaunoziva kuti zviitwe, uye wozviradzika pamberi paMwari, pane chinhu chimwe chete chekuita, ndiko, kubatirira pavimbiso yaVo ipapo. Gara ipapo! Mwari vakavimbisa kupindura, Vachazviita. Hauzive zvaVakaraira, ingirozi ipi, kana *izvo* zvekuita. Hunogona kunge huri husiku huno, shumiro yekunamatira vanorwara isati yatanga mangwana manheru. Mwari vanogona kunge vaona chimiro chako nhasi, vanogona kunge vanzwa munamato wako.

61 Ndanzwira tsitsi kwazvo vanhu ava matsi nembeveve idzi. Ndinoda kuisa maoko pavari uye ndovanamatira, ndakange ndatanga kumira manheru apfuura, asi ndikati zvaizova zvisina kunaka kune vamwe vese. Asi ndinoziva sei kuti kune imwe nzvimbo hakuna here Mwari vakanyarara vanoziva moyo, vanhu ava vazadzisa zvavo zvinodiwa naMwari, uye vakagadzirira, uye pane ngirozi pano manheru ano ichavadzikinura kubva mukutambudzwa kwavo kwose? Ndinoziva sei? Mwari vanogona kunge vakaraira kudzikinurwa kwavo manheru ano. Zviri zvokuti ndanamatira vanorwara here, kana kuti kwete, vachazviwana nekuti Mwari vazvida. Iva nechokwadi naMwari, uye zvadaro woramba wakabatirira, zadzisa zvaVanoda. Mwari vanoziva kuita zvinhu zvakanaka, vanoziva kuzviita nenzira chaiyo.

62 Zvino, chinhu chinoshamisa kuti Mwari vaizotumira muporofita waVo kuimba yechirikadzi. Inzvimbo yakadini! Asi anofanira kunge aiva ari mudzimai ane hunhu chaihwo, kana kuti Vangadai vasina kumbotumira muporofita waVo ikoko. Oo, kana munhu akanga akakodzera, aizofanira kuva munhu akakodzera kutandadza murume akaita saEria.

63 Munorangarira, aive Zakaria, mumba make, kuti akanga akatendeka nekuva pachokwadi, akamirira kuti Mwari vavape mwana, zvino Mutumwa, Gabrieri, akauya kumba. Aiva mhandara Maria akanga ararama zvakachena uye asina kusvibiswa, uye akamirira vimbiso yaMwari, uyo waVakatumira Mutumwa kwaari.

64 Taura nezvekumhanya-mhanya nenyika uye nekutamba nenyika, uye zvadaro wotarisira kuona ngirozi nekuva neminana ichiitwa, zviri kunze kwehurongwa hwaMwari. Unofanira kurarama zvakarurama. Chenesa imba, chenesa tsika dzako, bvisa zvinhu zvenyika, bvisa makadhi ako nekuwadzana kwako nenyika, gadzirira, zvino ipapo Mutumwa waMwari anogona kutaura uye oti, "Usatya, ndiNi." Zvino zvinhu zvinoitika. Asi iye . . .

65 Mudzimai mudiki akanga ari zasi achinamata, asingazivi kuti kwaiuya muporofita aifamba achidzika mugomo. Akanga aine chiratidzo, chekwekuzoenda. Mwari havatungamiriri vanhu vaVo vasingaone, Vanovaudza kwavari kuenda. Akanga akatarisa muguta. Oo, zvaive zvakashata kwazvo. Vanhu vakanga vachifa nenzara, uye vachichemera mvura, uye nevanhu vane nzara. Mucherechedzo wehunzenza. Mucherechedzo wechivi.

66 Uye nyika ino yapinda munyatwa. Haugone . . . Zviyereso, kunyangwe murairo wemasikirwe haungaite kuti zvidaro, kana tiri—kana tiri kuparadza mari nemararamiro akaipa, uye hafu yepasi rose ichifa nenzara (vose vanhu vakafirwa naKristu).

67 Ndicho chikonzero minda yekuvhangera iri pamoyo wangu. Mune vashumiri vakaisvonakisa muno muPhoenix, nekwese muUnited States nenzvimbo, machechi ari pakona yega-yega, varume vakuru vaMwari, shumiro dzokunamatira vanorwara, varume vakuru saOral Roberts nevamwe varume vakuru, vachiparidza. Uye kune vanhu mhiri uko, vari kufa vari zviuru zuva nezuva, vasina kumbonzwa nezveZita raJesu. Vechitema vadiki vanonzwisa urombo, vane tsvina, vane nzara, zasi-zasi uko muAfrica uye neuko kuIndia, machinda madiki avete mumugwagwa, vachifa, vasingatombozivi kuti "Mwari" zvinorevei. Uye zvakare tinokakavadzana pamusoro pemisiyano yedu midiki yezvatinotenda mukunamata. Oo, hazvina kungonyatsonaka (handifungi, shamwari), kana zviri pamwoyo wako kuzviona izvozvo.

68 Zvino, cherechedzai mudzimai mudiki uyu anonzwisa urombo, mushure mekunge atarisa panze nepahwindo ndokuona kuti kwaive kwoda kuyedza, haana kuziva chakanga chakamumirira. Akanga achifunga kuti rwaiva rufu kwaari nekakomana kake kadiki. Saka ini . . . Paainge akarara, ngatingomutarisai kwemaminitsi mashomanana. Anoenda, mushure mekunge anamata, ndokupuruzira bvudzi rake diki kubva mumaziso ake, ndokuti, "Muchinda mudiki anodikanwa, wakafanana zvikuru nababa vako vanokosha, vatsvene. Vaivimba sei naMwari! Vakapa hupenyu hwavo sei nokuda kweIsraeri, kunze uko muhondo! Uye wakafanana navo zvakanyanya. Uye, Mudikani, handizivi kuti sei vasina mhosva vachitambura pamwe nevane mhosva, asi vanodaro."

69 Nyika ino, Makristu, vachatambura nemhaka yokusarurama mune zvematongerwo enyika, zvinoita kuti nyika yose itambudzike.

70 Zvino ndiri kumuona achipinda achiti, "Ndichagadzira kakeke kadiki zvino. Ndine zvinongokwana bedzi keke diki rimwe chete re—rechingwa zvasara, uye kana tachidya, zvadaro tichafa." Saka anopinda mukamuri, ndokutora hupfu kubva mudende rehupfu. Ndiri kumuona achingoripukuta neruoko rwudiki irworwo, rwakaondoroka, achirova-rova kadende kadiki mahwaive huri; achirova-rova, guruva rose zvaro, zvino pakupedzisira akawana hunokwana keke rimwe chete; anoenda kuchinu chidiki ochisimudza omimina mafuta ose kubva machiri, anenge chipunu chizere.

71 Zvino, hupfu, zvinhu zvose izvozvo zvine zvazvinoreva. Hupfu hunomiririra "Kristu." Kristu ndiye akanga ari chipiriso chehupfu. Pavaikuya hupfu hwechipiriso chinozunguzirwa, chaKristu, uyo akanga ari Kristu muchipiriso chinozunguzirwa, muTestamende Yekare, vaihukuya neimwe mhando yehuyo, kuti chidimbu chese chehupfu chinofanira kuchekwa

zvakangofanana, nokuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.

72 Unorangarira apo zvimwe zvikoro kumusoro uko zvaisaziva mutsauko pakati pemapudzi nepizi, ndokukanda mapudzi emusango mupoto yepizi, kuti vabike, zvino vakadanidzira kuti, "Mune rufu mupoto."

73 Eria akatora chanza chehupfu, akahuisa mupoto, ndokuti, "Idyai!" Hupfu hwakaita sei? Hupfu, mupoto, hwakazvishandura kubva murufu kuenda kuhupenyu; kubva kune chinouraya kuenda kune chinopa hupenyu.

74 Ndizvo zvimwe chete zvazviri manheru ano, kana mupoto mako muine rufu. Kristu, akakandwa mumudziyo wako, anokubuditsa kubva murufu uchienda kuHupenyu. Kristu anounza mutsauko. Achipinda mumwoyo wemunhu, oo, Anopa rugare runopfuura kunzwisisa. Uye zvakare Hunopa Hupenyu Husingaperi, "Uyo anotenda muMwanakomana ane Hupenyu Husingaperi, uye haangatongoparari."

75 Zvino, akatora hupfu, hwaimiririra Kristu. Uye Kristu iShoko. "Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu." Kristu, chipiriso cheHupfu! Ipapo Akaenda kunotora mafuta. Zvino *mafuta* anomiririra "Mweya." Saka akaisa Shoko neMweya pamwe chete, ndokutanga kuZvisanganisa.

76 Oo, chimwe chinhu chinofanira kuitika kana izvozvo zvaitika! Ngaave manheru ano okuti Shoko randiri kuparidza riwire mumoyo mako. Zvino worega Mweya Mutsvene upindemo wotanga kuZvisanganisa. Tarisa kuti chii chinoitika kana ukaisa Shoko neMweya pamwe chete! Jesu akati kumukadzi aiva patsime, "Mudzimai, Ndinokuudza, nguva iri kuuya, nazvino yatovapo, apo Mwari vanoda kunamatwa muMweya nomuZvokwadi." Uye iVo iZvokwadi.

77 Hupfu, tarisai zvaakaita, akasanganisa Shoko neMweya pamwe chete. Vanhu vazhinji vane Mweya vasina Shoko, nevamwe vane Shoko vasina Mweya. Asi iwe tora, uZviise zviri zviviri nenzira chaiyo munzvimbo yazvo, pane keke riri munzira! Pane chimwe chinhu chiri kugadzirwa.

78 Chirikadzi duku inonzwisa urombo yaisaziva zvayaiita, asi Mwari vakati kuna Eria, "Ndamuraira."

79 Uye Eria ari munzira yake pamusoro pematombo emumugwagwa, achidzika kuzoona chiratidzo chake chichizadzikiswa pane imwe nzvimbo. Zvino heunoi akamira apo, misodzi yaari kupukuta neruoko rwehanzu yake rwakare rwakabvaruka, uye achiti, "O Jehovha Mwari, kutenda kwangu hakuna kumbokundikana, uye hakukundikani. Neimwewo nzira, handizive kuti zvese izvi zvakamira sei, asi isu

tinodzidziswa kuti zvinhu zvese zvinoshanda pamwe chete mukunaka." Akanga achisanganisa hupfu uhwu hushoma, akagadzira keke diki ndokuriumbiridza. Akati, "Zvino yave nguva yekuti ndibude kunze ndinotora huni." Anodzokera kunovhura gonhi, ndokuti, "O Ishe, dumbu riya duku rinonzwisa urombo rine nzara rirere apo, uye handina kumbodya kwemavhiki maviri kana matatu. Ndakamupa chimedu changu chekeke."

80 Ndivo amai, rudo rwaamai kumwana wavo. Hakuna chakafanana narwo, kunze kwerudo rwaMwari bedzi. "Amai vangakanganwa mwana wavo anoyamwa, asi haNdimbofi ndakakukanganwai. Mazita enyu akanyorwa pazvanza zvemaoko aNgu." Ko Vangakukanganwa sei? "Handifi ndakakurasai, kana kukusiyai. Ndichava nemi nguva dzose, kunyangwe kusvika kumagumo enyika."

81 Hoyo achitarisa mwana wake, pamwe ndokuverevedza achimutsvoda pahuma yake diki. Zvisinei kana akafenda uye onofira kunze. Anobuda panze. Zvakangotanga kuita se... zuva rakatanga kubuda napamusoro pezvikomo zveJudhea. Zvino anotarisa zuva richitanga kudongorera. Zasi-zasi kwemugwagwa anonzwa kutuka nekuenderera. Zvino anobuda kunze muchivanze uye, cherechedzai, akanhonga zvimiti zviviri (kwete svinga rose), zvimiti *zviviri*. Chii? "Muchinjikwa."

82 Zvino, chero munhu anoziva, chero mumwe weshamwari dzangu dzechiIndia ari pano anoziva, kana chero muvhimi, nzira chaiyo yekubatidza moto kuti ugare, ndiko, kuchinjika zvimiti zviviri, matanda maviri, woatungidza moto nepakati chaipo, uye wongoramba uchikuchidzira. Unogara husiku hwese. Nguva zhinji ndakarara murenje, ndiine zvimiti zviviri zvisina kukura kupfuura *icho,* uye ndokuramba ndichidziirwa husiku hwose. Wakangokwana kuti ndirambe ndichidziirwa, ndichiuita kuti urambe uchibvira pakati pawo chaipo.

83 Zvino achaita sei? Achatungidza zvimiti zviviri izvi. Uye Shoko neMweya zvaunza kuzvipira kwako pachako pamuchinjikwa, wagadzirira kuita basa, wagadzirira hupenyu. Kuisa Shoko neMweya, ndiko kutenda kwake muShoko raMwari neMweya Mutsvene, achizvitungamirira pachake kuti apirise chero chinhu hacho kuMuchinjikwa. Zvino paakaisa chimuti muhapwa yake, zviviri zvazvo, ndokutanga kudzokera, akatanga kudzokera, zvino paiva neinzwi rakauya richibva kugedhi, "Mudzimai."

84 Izvi zvisati zvaitika, harahwa, zvichida ine mhanza, uye huchena hwakarembera nendebvu dzake, uye nebvudzi rakarembera pasi, chimuti chidiki muruoko rwake, dehwe rekare rehwai kana chimwe chinhu chakamoneredzwa paari, achifamba achidzika nenzira, achiti, "Ishe, ndekamwe kafenzi kadiki kachena. Pachange paine mukadzi wechidiki

anotaridzika zvakaisvonaka" (anofanira kunge aive ari mudiki, mukomana aive ari mudiki) "kunze muchivanze. Makandiudza kuti ndiyo chirikadzi yaifanira kuzondipa zvokudya. Zvino, ari kupi? Ndicharamba ndichifamba." Mweya unomutungamirira nenzira *iyi*, wobva wamutendeutsa. Oo, zvinoshamisa kwazvo sevanakomana vaMwari vanotungamirirwa neMweya waMwari. Zvisinei kuti zvinonzwika sehupenzi sei, vanotungamirirwa! Anoenda . . . Anodzika neimwe nzira obva akwira neimwe, ndokudzika neimwe nzira obva akwira neimwe.

Mushure mechinguva, Mweya wakati, "Tarisa kurudyi rwako."

85 Zvino ndokutarisa se*zvizvi,* sezvaAnongoita pano papuratifomu, husiku hwega-hwega. Oo, Mwari vachiri vamwe chete! "Tarisa kurudyi rwako, kuruboshwe rwako, pane mumwe munhu ari kunamata anozvida."

86 Zvino akatarisa kurudyi rwake. "Nhai, pane kafenzi kadiki kachena. Ndizvozvo chaizvo. Handisi kuzobva pano, nokuti hoyo muti wakare wakamira apo. Uye hezvo zvese sezvandakaona chaizvo muchiratidzo." Gonhi rinovhurwa ndokubuda mumwe mukadzi mudiki mutete.

87 Zvino, rangarirai, ari kungonotora zvimiti zviviri. Haainge akakwanisa kutora zvitatu, zvinotora zviviri kugadzira Muchinjikwa. Akatora zvimiti zviviri ndokuchiisa paruoko rwake ndokutanga kudzokera, achifunga, "Ndichange ndagadzira keke diki kana mukomana mudiki amuka. Uyezve ndicharipa kwaari kuti adye, handizoridyi ini pachezvangu. Uye ndichaisa kakomana kangu kadiki mumaoko angu, uye ipapo tichagara tofa hedu." Ndokubva atanga kupinda mumba.

88 Akanzwa izwi risiri ramazuva ose pagedhi, rakati, "Amai, mungandiunzirewo mvura shoma yekunwa mumudziyo here?"

89 Zvino akacheuka, ndokufunga, "Hapo pamire harahwa ine mutsa pagedhi." Akanyatsomutarisisa, uye zvichida akapukuta misodzi mumaziso ake, kwaive kuchiri rungwanangwana. Munoziva, Mwari vanoita zvinhu zvisinganzwisisike kwazvo. Mudzimai akanga akagadzirira kurasikirwa. Mvura yaive chinhu chaishaikwa, mvura yaive isati yanaya kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu.

90 "Mungandiunzirewo here . . . " Pamwe Mwari vakamuudza kuti ataure izvozvo, kuona kuti mudzimai aizoita sei, vachiyedza madairiro ake. "Mungandiunzirewo here mvura shoma yekunwa mumudziyo?"

91 Zvino akamutarira. "Anonzwika zvakasiyana. Pane chimwe chinhu pamusoro pemutana chinondinzwisa tsitsi."

92 Chero zvake mutendi muna Mwari achagoverana nemumwewo kusvika kune icho chekupedzisira. Hongu. Ndicho chinhu chimwe pavanhu vePentekosti, vanobvisa shati pamuviri

wavo, nokuda kweChikonzero. Ndizvozvo. Ichokwadi. Chinhu chikuru, chimwe chezvinhu zvikuru navo. Ndivo vapi vakurusa munyika, nokuti vanoziva kuti zvinhu zvepanyika izvi hazvina maturo. Vanoisa pfuma yavo Kudenga, nokuti vari kuenda kumusoro ikoko mamwe amazuva ano.

93 Uye saka mudzimai uyu, akati, "Ndichangogovera mvura yangu. Tichafa, saka ndicharasikirwa nemvura yangu yekunwa, ndoipa kumutana ane mutsa akamira apo, nokuti anoratidzika kuva nenyota uye akaneta." Akati, "ndichaiunza." Akabva atanga kufamba.

94 Zvino akanzwazve inzwi, richiti, "Uye mune rumwe ruoko rwenyu, mungandiunzirawo here chimedu chidiki chechingwa?" Oo, ini zvangu! Zvino, chave chii zvino?

95 Tariro yake yekupedzisira yehupenyu hwemwana wake. Tariro yokupedzisira yavaiva nayo, uye chingwa chacho chinenge chapera, mafuta apera, zvinhu zvose zvinenge zvapera zvino. Asi akacheuka, uye akashaya kunzwisisa. Akati, "Ndingori netuhupfu tushoma twasara mudende. Ndine mafuta anongokwanirana andahunyorovesa, uye ndatozvigadzira, kana kuti, ndazvisanganisa. (Ndine Shoko neMweya zvakasanganiswa pamwe chete imomo. Ndine Muchinjikwa pano wokuzviisa pauri, kuzvigadzira kuita keke rinopa Hupenyu.)" Zvino ndipo apo Mweya neShoko zvinouya pamwe chete, paMuchinjikwa, zvinokugadzirira chingwa cheHupenyu. Ndizvozvo chaizvo. "Uye ndinazvo pamwe chete, uye ndave kupinda izvozvi kuti ndiribheke, zvino ndopa kamukomana kangu kadiki kari kufa mukati umo, kachema husiku hwese kachida chimwe chinhu chokudya, ndi—ndinofanira kukapa. Ndichazvinyima rangu uye ini—ini ndicharipa kwaari. Uye zvadaro ndichakatora mumaoko angu, uye tose tichamirira rufu."

96 Akati, "Asi, ndigadzirirei diki, kutanga." Hazvishamisi here kuti murume angakumbira mukadzi ari chirikadzi, ari kufa, chekudya chokupedzisira chaaiva nacho mumba, aine mwana akanga ava kufa? Mwari vanoita zvinhu zvisinganzwisisike kwazvo! Akati, "Ndigadzirirei diki, kutanga!"

97 Akafungisisa, "Munoziva, Bhaibheri rinotaura kuti takatandadza vatorwa. Takatandadza vatorwa, vaive ngirozi, tisingazivi zvataiita." "Saka," akati, "ndichazviita."

98 Zvino mudzimai paakatendeuka, iye ndokuti, "Nokuti . . ." Oo, ini zvangu. Hapo pazvaive, nyaradzo hurusa iyo chero mutendi upi zvake ati amboteerera kwairi, "Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA!" Ndiro Shoko raakanga akamirira. "ZVANZI NAJEHOVHA, 'Dende harisi kuzosara risina chinhu, kunyangwe chinu hachisi kuzopera, kusvikira zuva iro Mwari vachatumira mvura panyika.'"

99 Chii chatinowana ipapo? Tsvaka Humambo hwaMwari kutanga, uye nokururama kwaVo, zvimwe zvinhu zvose zvichawedzerwa. "Ndinoziva sei, Hama Branham? Ndinoziva sei?" Chinhu choga chandinoziva, isa Mwari pakutanga uye woenderera mberi. Zvipire! Sanganisa mafuta, sanganisa sho—Shoko neMweya pamwe chete, zviise pachako paMuchinjikwa, uye woti, "Hezvino ndiri pano, Ishe." Isa Mwari pekutanga mune zvese!

100 "Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA, 'Chinu hachisi kuzopera, kunyangwe nedende harisi kuzopera, kusvikira zuva iro Ishe Mwari vachanayisa mvura panyika.'" Akaziva, ipapo, kuti aive muporofita waMwari aitaura kwaari. Oo, mwoyo wake unofanira kunge wakasvetuka sei! Akamhanyira mukati ndokugadzira keke diki riya ndokuuya naro kwaari, pamwe nemvura, maoko achidedera pamusoro pematama iwayo akanyura mukati, akaziva kuti Mwari vakanga vauya kuzonunura, nokuda kwechidimbu chidiki chechingwa.

101 Oo, ingotora iyoyo vimbiso diki imwe chete yaMwari, wogadzirisa zvinhu zvose, uye zvobva munzira, tarisa zvinoitika! Wana mwoyo iwoyo . . . kusatenda kure nayo. Ingotora kakutenda kadiki ikako kauinako, wokaisa paMuchinjikwa, woti, "Uku ndiko kwega kwandinako, Ishe. Kutorei"; tarisa zvinoitika, "ZVANZI NAJEHOVHA." Oo, Vachiri vamwe chete nhasi sezvaVakagara vari. Ndizvo mudzimai akanga akamirira.

102 Pamwe zvinotaridzika kusviba kwazvo zvino, asi, unoziva, dzimwe nguva tinodzidziswa (uye ndakaparidza nezvazvo humwe husiku) kunogara kuchiita rima gurusa kwoda kuyedza. Inguva yerima gurusa rehusiku apo nyamatsatsi inopenya, iri kuratidza kuuya kwezuva.

103 MuGermany vane mufananidzo, vanoudaidza kuti mufananidzo "Wegore." Ndiwo—ndiwo unokwikwidzana nemufananidzo mukuru uyu wekurovererwa kuri . . . kuForest Lawn muLos Angeles (mufananidzo mukuru uyu wakafara sezvakaita chivakwa chino pano neuko, vakatozovaka chivakwa chakapoteredza mufananidzo wacho; vazhinji venyu makauona). Asi uyu uri muGermany unonzi, "mutumwa . . ." kana, "Zuva ReGore," ndinotenda unodaidzwa kudaro. Uye paunobva chinhambwe kubva pauri uye woutarisa, oo, unotaridzika zvinotyisa, unotaridzika kunge makore ane hasha ari kuvhengana-vhengana, saizvozvo, apo zviyedza zvinopenya pauri. Uye zvinoita sekunge makore ari kufamba, semagadzirirwo akaitwa mufananidzo wacho kuti upe chadzera chezviyedza, zvinouita kuti utaridzike segore, dutu rine ukasha riri kuuya kuzoparadza zvose. Zvino ipapo unobva waudzwa nemutungamiri, "Famba pedyo, uye chingoramba wakautarisa." Uye kana wanyatsoswedera kwauri, haasi makore, mapapiro

engirozi ari kurovana pamwe chete, dzichifara. Iropafadzo rakavanzwa.

104 Pamwe hurwere hwako manheru ano, pamwe kuzvipira kwako kuti uuye pano, kwanga kungori ropafadzo rakavanzwa. Ngirozi dzaMwari dziri pano, dziripo, kuti dzibatanidze mapapiro adzo pamwe chete uye dzifare, nokuti zvakanyorwa muRugwaro, kuti, "Ngirozi dzeKudenga dzinofara kana mutadzi mumwe chete akatendeuka." Funga nezvazvo. Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA, Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Nyasha dzake hadziperi. Uye Anoda kukupa chero chipi zvacho chinoshuvirwa nemoyo wako.

105 Zvino ngatinamatei kwekanguva, takakotamisa misoro yedu mumunamato. Uye ndinovimba kuti munoramba muri muchinhano chemunamato. Pane mumwe munhu here pano (nemeso enyu akavharwa nemisoro yenyu yakakotamiswa kuguruva ramakabviswa kwariri; uye, kana Jesu akanonoka, munodzokera kuguruva) uye usina kuponeswa, ungangosimudza ruoko rwako here *kudai*, uye woti, "Hama Branham, hupenyu hwangu hwange huri hwekusuwa, zvakare, uye handina kuponeswa. Ndirangarireiwo muminamato yenyu manheru ano, Hama, ndichasimudza ruoko rwangu"? Munhu iyeye ari muno here, mukomana, musikana, murume kana mukadzi, asina kuponeswa? Handisi kuzokukumbira zvimwezve, chingosimudza ruoko rwako zvino kuti ndikunyengeterere.

106 Kurudyi kwangu, Mwari vakuropafadzei, Mwari vakuropafadzei, Mwari vakuropafadzei, nemi, nemi. Kumwewo, uko kumashure-shure, kumwewo neche pano muchikamu chiri pakati, ingosimudza ruoko rwako. Pasina anotarisa, ingondiregai ini neMweya Mutsvene titarise. Zvino, Mwari vakuropafadzei, Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka izvi.

107 Mumwe munhuzve ari muchikamu chepakati, simudza ruoko rwako, uti, "Hama Branham, handisi Mukristu. Nda—ndakanetesa Mweya Mutsvene ukaenda kure-kure neni kusvikira haAchatombondinetsa zvachose. Asi, chaizvo, ndinoziva kuti ndiri kukanganisa. Ndinoziva kuti handisati ndambozvarwa patsva neMweya Mutsvene. Ndinoziva kuti ini—ini handina kufanira. Ini handina kana . . . Handina kureurura zvinhu zvangu zvese. Handisati ndazadzisa zvose zvinodiwa naMwari."

108 Pamwe uri kurwara. Hazvina zvazvinobatsira kusvikira wazadzisa zvinodiwa naMwari. "Hama Branham, ndakapupura Chikristu kwenguva yakareba, asi chaizvo ndakagara ndichipokana kupodza kwaMwari. Nda—ndaingoita sekunetseka kana Mweya Mutsvene uyu waiva wechokwadi." Oo, hanzvadzi inodikanwa, kana, hama inodikanwa, hapana chaungawana kubva kuna Mwari wakadaro. Kwete. Unofanira kuzadzisa zvose zvinodikanwa, uye wova nechokwadi chokuti

wakagadzirisa pamberi paMwari. Zvino wotora vimbiso yaVo wobatirira pairi.

109 Kuruboshwe rwangu, pangava here nemumwe neche mukati umo? Vamwe venyu imi vechidiki kumashure uko, zvimwe chetezvo, kana usiri Mukristu, simudza ruoko rwako uti, "Ndirangarireiwo, Hama Branham." Mwari vakuropafadzei, ndaona maoko enyu, kumashure-shure uko, kumashure-shure chaiko, ndiri kukuona, mudzimai; kumashure kuno, hongu. Uko, uko neche pano apa, hongu, musikana mudiki. Hongu, hongu Ishe vakuropafadzei mose apo. Zvakanaka izvi.

110 Zvino, ndakuvimbisai kunze uko ndizvo zvoga zvandichakukumbirai, kungosimudza maoko enyu. Zvino tava kunamata. Uye tisati taita izvi zvino (mushure mokunge tawana vatadzi vasimudza maoko avo, vamwe makumi maviri kana makumi matatu), vangani vanorwara, ungasimudza ruoko rwako uye woti, "Ndirangarireiwo, Hama Branham, muminamato yenyu, kuti Mwari vandinzwire tsitsi uye vandipodze"? Ndinofungidzira kuti pane mazana maviri, kana kupfuura, vavo. Zvakanaka.

Ngatinamatei.

111 Baba vedu Vekudenga, inyasha huru kuuya kwaMuri nezvikumbiro izvi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] "...uye kwaNdiri, Ndiri Musiki wako." Zvino vasimudza ruoko rwavo, zvino zvinoratidza kuti Mweya iwoyo mukuru kupfuura sainzi. Baba, Makati, "Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Uye vose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Hupenyu husingaperi." Zvino ndeveNyu, Ishe. Vapei Hupenyu, iko zvino, ipo pavagere pazvigaro zvavo. Dai vave neHupenyu Husingaperi. Dai Mukavamutsa pazuva rekupedzisira, movaisa kuna Mwari Baba veKudenga sematombo anokosha ari mukorona yeChechi. Zviitei, Baba.

112 Ndinonamatira ava vanorwara nevanotambudzwa. Maoko avo mazhinji aenda mudenga manheru ano, nokuda kwekuti vaona kuti mudzimai aida Mwari zvechokwadi; aona nguva idzodzo dzakakosha dzichiuya. Pasina kupokana pane vazhinji vakagara pano nenzira imwe cheteyo, vanofanira kufa, asi Mwari vakatoraira vaporofita vaVo, uye zvinhu zvose zvakanaka. Zvichazongoshanda zvakanaka. Kana vaine chokwadi chekuti zvinhu zvese zvakaringana, zvadaro vane chokwadi naMwari. Vane chokwadi chekuti Vanochengeta vimbiso yaVo. Zvino, Baba, tinonamata kuti Mushande navo manheru ano, sevana venyu vane rudo, vanorwara; uye muchaporesa marwadzo avo, uye muvape simba nenyasha nekutenda. Itai, Baba.

113 Ropafadzai vashumiri vose vari pano manheru ano, vaporofita venyu vanokosha. Tinonamata kuti muzovazodza,

Ishe, uye dai vakava wacho acharopafadza dzimba dzevanhu ava, kuti pave neChingwa cheHupenyu mudzimba dzavo chero bedzi vachirarama. Dai chinu chavo charega kupwa, kana matende kushaiwa chinhu. Ngakuve nechingwa chemweya muchechi imwe neimwe munyika ino, Ishe, chinopa zvokudya kune vane nzara avo vanoshaiwa. Zviitei, Ishe.

114 TinoKudai. Uye tinoziva kuti Makatida kutanga, nokuti patakanga tichiri vatadzi, Kristu akatifira, Asina mhosva achiitira vane mhosva, kuti ave murevereri wezvivi zvedu, kuti atiyananise tichidzokera kuna Mwari; patakanga takarasika uye tisina tariro, tisina Mwari kana Mwanakomana waVo, kubva mubindu reEdheni, kubva mukudarika kwemadzibaba edu kwakatipinza munyonganyonga yechivi. Uye Jesu akatida zvokuti Akauya nokuda kwaMwari ndokutidzikinura kuti tidzokere kuna Mwari, kubudikidza nemupiro wehupenyu hwaKe paKarivhari. NdinoKutendai, Baba, nokuda kwekunaka kweNyu kwese.

115 Tiri kurarama mumimvuri yenguva yekupedzisira. Panogona kunge pasina mangwana manheru. Handizivi, Ishe, zviri kwaMuri. Asi zvichiri kugoneka kuti vamwe vanokwanisa kupinda manheru ano, Baba, ndinonamata kuti Mutumire Mweya Mutsvene.

116 Makati, "Sezvazvaiva zviri mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Mumazuva eSodhoma, vaive nemapoka matatu evanhu: mutadzi, nhengo yechechi inongodziya, uye neMusanangurwa (akadanirwa kunze); vaSodhomi, nevokwaRoti, nevokwaAbrahama (vakadanwa kubva munyika). VaSodhomi vakagamuchira vashumiri vaviri vaive neshoko guru. Zvino boka raAbrahama rakagamuchira chiratidzo, uye chiratidzo chacho chakanga chiri Murume aive ane guruva pahanzu dzaKe, aiziva Abrahama, ari mutorwa; akaziva mudzimai wake, Sara, kuti zita rake aive ani; uye, akaudza Abrahama, nemusana waKe wakafuratira kutende kwaiva naSara kuti, "Ko asekei?" O Mwari, dai chechi yapepuka uye yaona! Sezvakataurwa naJesu, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Mwari vamwe chete ivavo vaizoonekwa vari munyama yeChechi yaVo, uye vaizoratidza chiratidzo chimwe chete. Zviitei, Ishe, zvakare manheru ano. Tinokumbira nomuZita raJesu. Ameni.

NdinoMuda, ndinoMuda

Zvino chingoMunamatai mukutapira muMweya.

Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

117 Oo, mushure memharidzo, hausi kunzwa kusukwa here? Ungori Mweya Mutsvene chete uri kungochenesa moyo wako kubva pakusatenda kwese, uchikudzosera chaimo mugwara zvakare naMwari. Oo, zvino ndiyo nguva yokuMunamata. Mharidzo yapera, saka ngatingoMunamatai zvakare murwiyo urwu, tichiimba kuti *NdinoMuda*. Munhu wose, chinyararire uye nemukutapira zvino. Vhara meso ako ungotarisa nemeso ako emweya kwaAri, ona zvaAkaitira chirikadzi iya. Wakakosha kwaAri sechirikadzi iya, Akachengetedza hupenyu hwako, zvakare. HauMude here?

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Murapi mukuru zvino ari pedyo,
Jesu anonzwira;
Anotaura moyo wakaremerwa kuti ufare,
Hakuna rimwe zita kunze kwaJesu.

Rusambo rwunotapirisa murwiyo rweserafimi,
Zita rinotapirisa parurimi rwunofa,
Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,
Oo, Jesu, Jesu wakakosha.

118 Achirwuridza paogani, zvinyoronyoro. [Hama Branham vanoimba mahon'era *Murapi Mukuru*—Mupepeti] Pandinonzwa rwiyo urwu, rwunounza chinhu chimwe kwandiri. Imwe nguva yakapfuura paFt. Wayne, Indiana, paive nemumwe musikana mudiki muDunkard aive akagara, achiridza piyano. Akanga asiri muPentekosti, asi akanga ane bvudzi refu rakanaka rakagadzirwa kumashure. Zvino ndakanga ndiri kuzonamatira vanorwara, zvino wokutanga mumutsara akanga ari mukomana muduku, akanga akaremara, neporiyo. Zvino ndakasimudza mukomana mudiki kubva mumaoko ehanzvadzi, ndokubata mukomana mudiki, ndikati, "Zvirokwazvo, Murapi mukuru ari pano, anoziva zvakavanzika zvemoyo yose."

Ini ndikati, "Munozvitenda here izvozvo?" kune ungano yezviuru zvakati kuti zvevanhu.

119 "Ehe," vose vakazvitenda. Asi vaiita sekuzengurira, hwaive husiku hwekutanga hwemusangano, uye vakanga vari . . . Mharidzo yakanga yakaoma kuti vainzwisise.

120 Ini ndikati, "Munotenda here kuti Ishe Jesu vanogona kundiudza kuti mukomana muduku uyu ndiani, uye kuti zita rake ndiani? Mungatenda here? Angave here Mutumwa mumwe chete akasangana naAbrahama, aiziva izvo Sara . . . Angave here Jesu mumwe chete akaziva Natanieri paakauya, akaziva Petro uye akamudaidza nezita, akaudza mukadzi patsime, nezvinhu zvose izvi? Angava Jesu mumwe chete here?" Vese vakasimudza maoko avo, vakafunga kuti aizenge ari.

121 Zvino Mweya Mutsvene wakatanga kuzarura izvi. Zvino, paAkadaro, mukomana mudiki akasvetuka kubva mumaoko angu, akamhanya achienda ndokusvetuka achidzika kubva papuratifomu. Amai vacho vakafenda pacheya vakagara pamberi chaipo pemukomana mudiki. Uye mukomana mudiki achimhanya achikwira nekudzika. Musikana wechiAmish, kana kuti aive muDunkard, achiridza piyano, akabva ashanduka kuva muchena chaizvo, ndokusvetukira mudenga pa—pakati pemusangano, bvudzi rake ndokuwira kumusana kwake. Akanga akapfeka rokwe jena. Aitaridzika sengirozi. Zvino akatanga kuimba irworwo nendimi dzisingazivikanwi. Uye, paakadaro, piyano haina kumbopotsa rusambo, ichirira:

Murapi mukuru zvino ari pedyo,
Jesu anonzwira;
Anotaura moyo wakaremerwa kuti ufare,
Hakuna rimwe zita kunze kwaJesu.

122 Vanhu vakaungana vakapoteredza paartari, uye vachichema nokuwira pasi munzvimbo dzavaive, uye vachidanidzira "Mwari ndinzwireiwo tsitsi!" Oo, musangano wakadini wakavepo!

123 Chiremba uya mukuru achiri pano. Haasati akundikana. Haambokundikani. Zvino, vangani vari muno vanozvitenda izvozvo, nekuperera, nemoyo wako wese, uye uri pano manheru ano uine tarisiro yekuporeswa nesimba raMwari?

124 Kana muine mumwe muchivakwa wandinoziva, kunze kweava vari ipo pano, vakomana ava vagere apa, vatatu vavo vandakataura navo rimwe zuva pahurukuro, vanobva kuArkansas; Hama Pat Tyler, vanova gororo rakatendeuka; Hama Williams vagere apo chaipo; uye sezvandinogona . . . uye naHama Gene Goad, shamwari yangu, vagere ipo pano. Uye ndinofungidzira kuti ndivo chete vandinoona muchivakwa vandinoziva panguva ino, asi neche uku ndinoziva vanhu vagere pano.

125 Zvino, ndakamira neKorani muruoko rumwe, uye neBhaibheri mune rwumwe rwacho, pamberi pezviuru zana, ndichiti "rimwe rinofanira kuva rechokwadi, uye rimwe racho richikanganisa." Zvino chitendero cheChikristu ndicho choga pakati pezvitendero zvose; uye veFull Gospel ndivo boka rega pakati pavo vanogona kuratidza kuti Jesu Kristu achiri mupenyu. Vamwe vose vane dzidziso yebhaibheri, uye vachakuudza nezvazvo, "Tinewo kushandisa pfungwa kwakawanda kudaro." VechiMohamedhi vanoti, "Tine kushandisa pfungwa kwakawandawo kudaro. Tinogona kudanidzira nenzwi guru pamuporofita wedu sezvamungagona pana Jesu wenyu. Asi muporofita wedu haana chaakambotivimbisa. Jesu wenyu akakuvimbisai kuti Aizomuka kubva kuvakafa, uye zvinhu zvaAkaita maizozviitawo nokuti Aizogara mamuri. Zvino munoti muporofita wedu akafa,

kunze uko muguva, uye imi muna Jesu akamuka kuvakafa. NgatiMuone achiita mabasa." Vachaisa . . . rega . . .

126 Unogona kutamba pano nevamwe vevadzidzi vebhaibheri ava, pane mamwe mazwi echiGiriki kana chimwe chinhu chawakatovhiringidzika pachiri pachako, asi usamboedza kuzviunza kumangange nevamwe vevanhu ivavo. Unotofanirwa kuve uine zvauri kutaura nezvazvo. Uye zviri nani uzive. Ndicho chikonzero sei zvakaoma kuendesa mamishinari ikoko. Vanoziva zvavari kutaura nezvazvo. Uye zviri nani utenge uchiziva, nokuti vachakupikisa pazviri.

127 Asi ndinotenda zvikuru manheru ano, kuziva, shamwari, kuti Jesu wedu (nevimbiso yese yaAkaita) iChokwadi. Dai ndaigona kuporesa chero munhu pano, ndaizviita; kana dai ndaisazviita, ndaizova munyengeri. Asi handikwanise. Asi Mwari vakapa chipo kuchechi, chaVakavimbisa.

128 Kuti mumazuva aLuther, tairarama nekururamiswa. Mumazuva aWesley, takararama nekucheneswa, chechi ichiva yevashoma. Mumazuva ePentekosti, takararama kusvika nemuRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nekudzoreredzwa kwezvipo. Zvino tatova vashoma chaizvo, kuuya kweMwanakomana waMwari. *Apa* vakatenda nokutenda; *apa* vakadanidzira pasi pekucheneswa; *apa* vakataura nendimi sechipo; asi *zvino* icho chinomiririra nechinomiririrwa, zvino do—dombo rechiruvi riri kuuya papiramidhi, uye inguva yekupedzisira, apo Kristu nechechi yaKe vanyanya kufanana zvikuru kusvikira ichadaidza vakafa kubva kuMethodisti, Lutherani, neavo vose vari shure uko, zvino kuchava norumuko. Avo vakavata panguva yokurinda yokutanga, yechipiri, yechitatu, yechina, yechishanu, yechitanhatu, neyechinomwe, vachamuka rimwe remazuva ano, kunosangana naJesu mumatenga. Nguva yasvika, shamwari, Kuuya kwaShe kwaswedera.

129 Tinotarisa Jerusarema uye toona kuti maJudha akapofomadzwa nekuda kwedu. Muonde wava kutungira mabukira awo. Akati, "Nemimwe miti." Billy Graham akakonzera ru—rumutsiriro pakati pevanhuwo zvavo. Oral Roberts akakonzera rumutsiriro pakati pemaPentekosti. Uye zvino Jesu, Mwanakomana waMwari, auya kune vakasara ava, kuzokweva vanhu kuitira Dombo repamusoro, kudzosa Mwanakomana waMwari, kuti apedzise chinhu cheKuuya kwaIshe Jesu. Akati, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu."

130 Ndichafuratira musana wangu kwamuri, kwete kungoti muone. Zvino, rangarirai, akanga asiri munhu wacho. Murume akanga agere ipapo aingova imwe calcium, potashi, nepetroleum, zvinhu gumi nezvitanhatu zvenyika makaendwa

naMwari, "Fiyuu!" zvavakafuridza pamwe chete ndokupinda mazviri uye vakararama.

131 Jesu Kristu akanga ari zvimwe chetezvo. Akanga ari Mwanakomana waMwari. Aive Mwari vachiratidzwa munyama, asi nyama yake yaive munhu, Mweya waKe waive Mwari. Zvino Akavimbisa mumazuva ekupedzisira kuti Achauya muChechi yaKe. "Kwechinguvana uye nyika haichazoNdionizve; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri. Mabasa aNdinoita muchaaitawo." Maona? Zvino Chiremba mukuru iyeye ari pano.

132 Akati, zvino, "Chiratidzo cheSodhoma neGomora." Zvino, chii? Tarisai mapepa edu, "Ngochani, kutsveyama, zviri kuwedzera nezvikamu makumi mana kubva muzana kudarika makore gumi apfuura." Kundengendeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana, mhando dzose dzezviratidzo zveKuuya. Chechi ichitsauka, nguva yekupedzisira pano.

133 Zvino Mwari vari kuratidza zviratidzo zvaVowo, zvakare, sezvatanga tichiparidza nezvazvo. Zvino, kana Bhaibheri iri riri rechokwadi, zviri zvaRitori, ndakagadzirira kufira chinangwa ichocho. Bhaibheri ndere chokwadi. Jesu Kristu anorarama. Isu tiri Chechi yaKe, yakazadzwa neMweya waKe, zvino Hupenyu hwaKe matiri huchabereka Hupenyu humwe chete hwaAkararama muMwanakomana waMwari, kana Mweya Mutsvene—Mweya Mutsvene waMwari uchigara matiri.

134 Nekuda kwekubwinya kwaMwari uye nekuda kwechechi, uye nekuda kwehurwere hwako, iwe unorwara nekutambudzwa, bata mupendero wenguwo yaKe uone kana ungagona kuMukonzera kuti ataure kubudikidza neni, semuranda waKe, okudaidza sezvaAkaita mukadzi akabata nguwo yaKe. Dai Ishe vazviita. Zvingakuita here kuti utende zvikuru, uye wogamuchira kuporeswa kwako? Vangani vanotenda kuti vanokwanisa kugamuchira kupodzwa kwavo kana Mwari vaikudana saizvozvo, kana kuVaona vachidana? Simudza ruoko rwako. Ishe ngavazviite.

Rambai muchiridza *Murapi Mukuru* iyoyo, mungadaro here? Ndinonzwa kutungamirirwa kuita izvozvo.

135 Ndichatendeukira kushamwari dzangu pano manheru ano zvakare, kungokutarisai. Hama, handisi kuedza . . . kwamuri . . . Mwari ndivo chapupu changu, Hama David. Sokunyatsojekesa chaizvo kwandakazviita kuvanhu, kuti, handisi ini. Ini handinei nechekuita nazvo. Ndingori chete . . . Mwari vaifanira kushandisa mumwe munhu. Ivo vari . . . Uye hapana maoko anokodzera, asi Mwari vanoaita kuti akodzere. Munoona, iVo—iVo—iVo vanosarudza nyika isati yavambwa, Chinangwa chaVo kuti chiitwe, uye chinofanira kuitwa, chinofanira kutoitwa.

136 Chechi ichavepo, isina gwapa kana kuunyana. Nyasha dzaMwari dzichaita izvozvo. Zvichatofanira kudaro, zvichatora

nyasha. Sokutaura kwaAkaita naAbrahama, apo Sara akaVapokana. Zvakanaka, ipapo chaipo Vangadai vakauraya; Vangadai vakauraya Sara ipapo chaipo nekuda kwekupokana, nokuti ndicho chivi chakaipisisa chiriko, ndiko kusatenda, uye ndicho chivi choga. Uye akapokana uye akasekera mukati make Mutumwa paakamunzvera nemutende. Ndizvozvo here? Asi sei Asina kukwanisa kutora Sara? Nokuti akanga ari chikamu chaAbrahama, Aitozofanira kutorawo Abrahama, zvakare. Zvino isu tiri chikamu chaJesu kana tiri muMutumbi waKristu. Kusatenda kwedu kunoregererwa kana tikazviita mukusaziva sezvaakaita, nokuti akanga achitya.

137 Munotenda here kuti pane chimwe chinhu chiri kuoneka papuratifomu? Oo, ndinoshuva kuti dai ndakwanisa kutsanangura izvi. Ndinofanira kutendeuka. Ndiri kuona mudzimai ane ganda riri kuvava, maMubata. Kuchakusiyai, nokuti chave Chiedza pose pakakupoteredzai. "Kana muchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka." Zvino tendai.

138 Kuti muone kuti hazvisi zvekushandisa pfungwa, kuverenga pfungwa dzenyu, ndichafuratira musana wangu kwamuri. Ko kumusoro kudivi *iri*? Izvi zvakaitwa kamwe muAngeles Temple, hanzvadzi. Hama David, munorangarira. Zvino ndinongori . . . kuitira kuti muone, ndiri kutaura nemi, zvinoratidza kuti handina kubatana nevanhu ikoko. Chokwadi iwe—iwe uri pasi . . . Ndinoziva kuti munonzwisisa. Maona? Asi ndiri kukumbira nyasha dzaMwari kuti dziite chimwe chinhu kuti vanhu vagoziva.

139 Hongu, ndiri kuona munhu wechidiki, musikana wechidiki. Anobva kure nepano, haasi wemunyika ino. Anobva kunyika inonaya mvura uye ine miti yakawanda nechikwindi, anobva kuOregon. Ane pfari. Akagara kunze uko. Unotenda here kuti Jesu Kristu achakupodza? Unomugamuchirira here? Simukai, hanzvadzi. Endai kumba, uye ndinotsiura dhiyabhore wacho. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Zvakanaka.

140 Muchikamu chepakati apa, mumwe munhu iva nekutenda. Musapokana. Ndichataura nemi, Hama Schultz, kuitira kuti muone kuti ndiri kutaura nemi. Ndiri kurega mumwe munhu apo . . . Hapana makadhi ekunamatirwa saka zvingori—zvingori chete zvino, kurega kuunza chero munhu kumusoro, asi kuti vagone kuona.

141 Hongu, pane mudzimai akaita semutete, ane kenza. Anga achifanira kuve ari kuchipatara nhasi. Akagara kumberi kuno, akaita semukadzi mutete. Zita rake anonzi Muzvare Peterson. Maona? Zvakanaka, mudzimai, iva nokutenda muna Mwari. Dai Mwari veKudenga vauraya dhimoni iroro kusvikira risisazoonekwe nemumwe munhuzve. Munotenda muMwanakomana waMwari here? MunoMutenda nemoyo

wenyu wose here? Ingovai nekutenda maAri, ndizvo zvega zvamunofanira kuita. Zvakanaka.

142 Mese magadzirira here kutenda nenzira *iyi*? Regai nditaure nemushumiri uyu ari pano. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Ndinovimba mumwe munhu neche uko anodarowo, zvakare. Uh-hum. Kuti muzive kuti ndiri kutaura nemi. Asi onai simba raMwari rinofukidzira zvinhu zvese zvepfungwa, ropinda mumweya wechiyero . . . chiyero chemweya.

143 Hongu, kumashure kwangu kune mu—mudzimai, uye haazive kuti chii chiri kumunetsa. Ari . . . Oo, mudzimai anonzwisa urombo uyo! Akaitwa maopareshen yokutanga, yepiri, yetatu, yechina, mashanu. Havazivi kuti chii. Vanachiremba havazivi kuti chii. Akatumirwa kuno kuArizona kunozorora. Anobva kuLouisiana, zita rake anonzi Mai Pearson. Zvakanaka, Mai Pearson, pane imwe nzvimbo kuseri kwangu, simukai, munditarise. Munonditenda here kuti ndiri muprofita waMwari? Handikuzivei. Kana zviri izvo, ninirai ruoko rwenyu. Tiri—tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Zvataurwa ichokwadi. Ndizvo here? Vanachiremba havazivi kuti chii chiri kunetsa pamuri. Itsinga dzenyu dzemanzwiro. Nyatsonyararai chaizvo, ivai nekutenda, uye muchaenda kumba mapora. Ivai nokutenda muna Mwari! Munotenda here kuti Mwanakomana waMwari akamukazve?

144 Zvino, ko mumwe munhu muchikamu *ichi*? Mese magadzirira here kutenda kumashure kuno? Pat, unofara here kuti uri Mukristu? Hazvifadze here kubuda muhupenyu hwawairarama, uye wova Mukristu?

145 Heunoi mudzimai. Ndemumwe mudzimai, mumwe murume, uye nemwana. Mudzimai ari kubata Mwari. Ari kumashure kwangu. Uye ane rakaita sedambudziko remudumbu, uye iye—iye anopera simba mushure mazvo. Haasi wekuno, tingati, anobva kunyika yakaita segwenga, asi anobva kuKansas. Murume wake mushumiri. Ndiye uyo akagara apo chaipo. Handikuzivei. Kana zviri izvo, mudzimai, ninirai maoko enyu se*zvizvi*. Zvakanaka, changamire. Zvakanaka, endai kumba, tendai kuna Ishe Jesu Kristu uye mugopora. Munotenda munaShe here?

146 Kwese muchivakwa zvino, munotenda munaShe here? Chokwadi, Ari pano! Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Mwari vamwe chete vaigona kuratidza Eria kwaiva nechirikadzi iya. Mwari vamwe chete vanogona kundiratidza pauri, paugere, uchinamata, nekuti Mweya waJesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here? Munhu wese ari muno isa maoko ako pamusoro pemumwe nemumwe pandinenge ndichikunamatirai mese pamwe chete, ipo pano, uye tendai, kuitira kuti muzive kuti mune chimwe chinhu mazviri, mumwe nomumwe wenyu.

Muri vatendi, hamusi here? Kana muri, itai "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] MuHupo hwaMwari, muhumbowo husingakundiki hwerumuko rwaJesu Kristu, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe uye munyengetererane.

147 Baba vedu veKudenga, ndinopa kwaMuri ungano ino yakamirira. Dai vanhu vose ava vatendeuka pazvivi zvavo vawana chechi yekupinda yakanaka. Dai avo, Ishe, vanorwara vapodzwa. Dai Simba raSatani raputswa, pamusoro pehupenyu hwavo izvozvi, ndichitsiura dhiyabhore uye ndichikumbira kuti Simba raJesu Kristu riuye pamusoro peungano iyi uye ritore hurwere hwese, hosha yose, kutambudzwa kwose, kupokana kwose. Zvidzingei kubva kwavari, Ishe, uye muvapodze. MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndazvikumbira.

Eria Nechipiriso Chehupfu SHO60-0310
(Elijah And The Meal-Offering)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China manheru, Kurume 10, 1960, paMadison Square Garden muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org